Мазаем и 23-р Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АдыгэкIэ плюс

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУэГъУэ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№30 (21.688) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хьэршым щызэдэлажьэнущ

●Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дыгъуасэ Налшык, КъБР-м и Правит ельствэм и Унэм, Iэ щытрадзащ къьэрым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэхэр кьэгъэсэбэпыным и лъэныкъэкIэ зэ дэIэпыкъуныкIэ КъБР-м и Правительствэмрэ Хьэршыкмкlэ федеральнэ агентствэмрэ зэращыIа зэгурыIуэныгъэм.

«Ди дежкIэ мы документым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы и фIыщIэкIэ дэ дяпэкIэ Iэмал дгъуэтынущ хьэрым пыщIа къэхутэныгъэхэр ди экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьышыдгъэсэбэпыну. Абыхэм ящыщ гъуэгуэм шынагъуэншэу щызекIуэныр, сейсмологиер, минеральнэ хъугъуэфIыгъуэхэр джынымрэ къэгъэсэбэпнынымрэ, мэкъумэш хозяйствэр, нэгъуэщI IэнатIэхэри», - жиIащ Меркуловым Александр. Абы къыхигъэщыхьэхукIащ ГЛОНАСС системэм къэралым зэрызыщиужьар, иджы ар республикэмкI кьызэрыщагъэсэбэпынур Роскосмосым лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым щыхьэт зэрытехьуэр.

«Рекорд» щIэныгъэ-производствэ корпорацI» ОАО-м и генеральнэ директор, Роскосмосым и полномочнэ лIыкIуэ Безбородов Вячеслав зэрыжиIамкIэ, езыр зи лIыкIуэ IэнатIэм и дежкIэ мы зэгурыIуэныгъэр инфраструктурэ кьаIэн инхэр дэгъэкIыныкIэ, иджырей навигацIэ Iуэхур зэтегъэуэвэнымкIэ, техникэр кьызэрагъэсэбэпым пыщIауэ дунейм кьышыхьу Iуэхугъуэхэм якIэлыпIэнынымкIэ япэ лъабжьуэщ. «Сэ фи республикэм зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъу кьызэольытэ, абы кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьэршым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэхэр кьэгъэсэбэпнынымкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и мызакъуэу, къэрал псом дежкIэ щапхьэу увыфынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

●Обозревателым и псалъэ

И лъэщагъыр зэфIоувэж

Нэхъапэм мазаем и 23-р Дзэ Плъыжьыр къыщыщэрагъэпэщ махуэу къалъытэурэ екIуэкIащ. Ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIныгъэ инхэм яжь къыщIихури, ар агъэуващ Хэкум и хъумакIуэм и махуэу. Абы и лъабжьщ «Урысеим зауэлI щIыхьым и махуэхэр (текIуэныгъэ къыщахьа махуэхэр) щыгъэувыным и Iуэхугъэ» 1995 гъэм УФ-м къыщыдэкIа Федеральнэ законыр. 2002 гъэ лъандэрэ мазаем и 23-р цIыхухэр мылажьэу ягъэлапIэ.

ТХЫДЭМ урилъэжмэ, а махуэм Iэщ1кI зэщIэуэзэда гуащIэрыпсэухэм нэмыцэдзэхэр Псковрэ Нарвэрэ я деж 1918 гъэм къыщызэтрагъэувыIащ. Абы и фIыгъэкIэ, Петроград къебгъэрыкIуэжьафакъым зэрыпхъуакIуэхэр. Арщхьэкlэ иджырей тыдэтхэсэм, политикэм жаIэр нэгъуэщIщ. Нэмыцэдзэхэр Пскови (ар а гъэ дадзым мазаем и 24-м бийхэм яубыдащ) Нарви (мазаем и 25-м а къаIэри тынщу къащтащ) я деж нэмыцэдзэ хэр къыщагъэувыIэфакъым. Хэбгъэзыхьмэ, мазаем и 24-м Цыхубэ Комиссархэм я Советым еувэлIэн хуей хьущ Германием къыхуигъэува псомиI. Цыхубэ комиссар Дыбенко и унафэм щIэта гуп псори зэбгырыжьжу, а къалитIри кьебгъэрыкIуэхэм игратауэ жыпIэ хъунущ. Дыбенко и унафэр дзэ трибуналым ищIауэ щытащ. Арщхьэкlэ иужькlэ агъэIуащ а къалитIым и деж бийр къыщызэтрагъэувыIауэ икIи абы епхауэ 1918 гъэм мазаем и 23-р Дзэ Плъыжьыр къыщызэрагъэпэща махуэу къэлъытэн хуейуэ. 1923 гъэм мазаем и 5-м республикэм и Реввоенсоветым и унафэщI Троцкий Лев унафэ къыдигъакIащ 1918 гъэм мазаем и 23-р къэралым Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэр къыщызэрагъэпэща махуэу ягъэувыну.

1938 гъэм «ВКП (б)-м и тхыдэр гъэкIащIауэ къэзыIуэтэж» и тхыпIым Сталин Иосиф ар щыщIитIыбыдащ.

Сыт хуэдау щытами, мазаем и 23-р япэ щыкIэ Дзэ Плъыжьым, иужькIэ совет тыдзэхэм я махуэу пIалъэ кIыжькIэ къемIуэкIащ. Хэбгъэзыхьмэ, 1943 гъэм мазаем и 23-м США-м и президент Рузвельт Франклин Сталиным мыпхуэдэ телеграммэ къыхуигъэхьауэ щытащ: «Штат Зэгурэтхэм я цIэкIэ сехъуэхъуну сыхуейт зи илъэс 25-р зыгъэлъапIэ Дзэ Плъыжьым, апхуэдуи жызоIэ абы тхыдэм къыщымыхъуа текIуэныгъэ инхэр къыщэрихьыр хуабжьу дызэригуапэр». Рузвельт, зы илъэс дэкIри, Совет Союзым Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм къьэхуэхъуащ абыхэм Германием и дзэхэм я бийуэ иратэжьуэкI зауэ гуащIэм текIуэныгъэ инхэр къыщэрыщащхьамкIэ.

Зэрыптlагъущи, мазаем и 23-р дунейпсо тхыдэм къыщалъытауэ щытащ Дзэ Плъыжьыр къыщызэрагъэпэща махуэу. Абы къикIуа гъуэгуанэр зыхуэдэм дэ дыщыгъуаэзщ, къытедмыгъэзэжми хъуну.

Арщхьэкlэ мыр кьэдгъэлъагъуэн хуейщ. 90 гъэхэм къэралыр ёзыгъэтIысэ реформаторхэм я зэранкIэ ди дзэхэр хуабжьу лъэрымыкъ хъуауэ щытащ. 50 гъэхэм я пащIэдзэм атом бомбэ зыщIа, япэ IэрыщI спутникыр, цIыхур хьэрщым зыгъэльэта, ядерно реакторыр къэзыгупсыса къэралым и дзэхэр зэкIуэдзэжьпэным нэсат. Иджы хуэм-хуэмурэ къэралым и кьаруи хохьэуж. Дзэми и Iуэхугъэ зэтуэжьа. Абы и гъэпсыкIэм зырагъэхьуэж зэманым ёзэгъыу. Унафэу щыIэр дзэр ар зи Iэщ1агъэу щытынухэм зэрахьэн хуейуэ араущи, кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу контракткIэ а лъатIэм пэрытхэм я бжыгъэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●Докъуэхъу

Къанокъуэ Арсен и фIыщIэр зыхэтлъагъуэр

Илъэс етхуанэ хьауэ ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Илъэс 20 хуэдиз и пэкIэ дызыхыхьа уэхэкIэщIэм екIуэ хэзгъа а щыху тельыджэм и хьыбар зэхэтхыр. Иджы лъэпкьыщIэм щIигъуэ къаухэкIаxэр зыщIпсэу ди лъахэ щыкIуэм абы а пIалъэ кIэщIым щызэфIигъэкIам дэри дрищыхьэтщ.

ЗИ ГУГЪУ тшы пIалъэм республикэм игъ уэта зыуужьныгъэр зыхуэдэм псори дыщыгъуаэзщ. Арщхьэкlэ, кьыдгъэззэжми ягъэ кIынкьым, ди къэралым и экономист, хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящщ Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Президент кьулыкъым зэрыпэрыхьэрэ ди гъащIэм кьыщыхуэ зэхъуэжькIныгъэфIэм. Псом япэрауэ, ди экономикэм зиужьу щIидзэжащ, республикэм лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр кьыз эрыщыз эIуахьм и фIыщIэкIэ. Псом нэхъ р нэхъыщхьэрэщи, ди дежи цIыхухэм ахъыз нэхъыбэ кьыщалэжь хьауэ, Алхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ Мэзкуу кьытхуиутIыпщ дотащхэм зэрыхэщIым - абы кьеГъэльагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэр зыхэпсэукIын мыльку нэхъыбэ кьыщалэжь зэрыхьуар.

Ди цIыналъэм хуабжьу зыщагъэжь мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, псэуалъэхэр гъэхьэзырыным. Арщхьэкlэ адрей Iэнатlэхэри ящыгъупщэркъым. Псалъэм и хьэтырIэ, нэгъабэ и закъуэ республикэм Iуэхущ1апIэщхуэу 10 кьыщ1эIуахащ. Абыхэм унэльащIэхэр щащ, фэм щолэжь, абдж хьэпшыпхэр щагъэхьэзыр, джэдкъаз щагъэшхэ, - псори кьыпхуебжэкIынукъым.

Нужьрей ильэсиплым КъБР-м и республикэ бюджетым хэ зэдищым нэскIэ зиIэтащ. Ар нэхъри нэ хьыбэ хъуну дунейпсо кризисыр кьыжьэхуэсащ. Арщхьэкlэ а щытыкIэ гугъуми ди лъахэр хъарзынэу кьикIащ. Хэбгъэзыхьмэ, ди республикэм 2009 гъэм лэжьапIэншэхэр мини 10-м нэскIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

●Дыдзыгъэпейтей

Электрокъарум теухуа зэгурыIуэныгъэ

«Налшыкэнергосбыт» ООО-м и цIыхуэхэм яращIы-лIэн папщIэ игъэхьэзыра зэгурыIуэныгъэм хэплъэныкIэ республикэм и Парламентым къыщIэзэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ екIуэкIащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий** зэрыжиIамкIэ, зи щхьэ Iуэхукlэ электрокъарур къэзыгъэсэбэпыну цIыхуэм иращIылIэн папщIэ ягъэхьэзыра зэгурыIуэныгъэр КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым зэпхъэрихащ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм, КъБР-м Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым, Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм, Щэхуакlуэхэм я хуитыныгъэхэм къыщыкъыжьныныр цIыхуэм зэIузэпэщ псэукIэ кьыззэрыхуэзэрагъэпэщыныр я кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ящIыгъуу. Комитетым кьыIэрыхьа тхыгъэ псори зэхилъхьажащ. Абыхэм ящхь иткIэ, «Налшыкэнергосбыт» ООО-мрэ Налшык къалэ округым и администрацIэмрэ чэнджэщ иратащ ныкIуасанигъэ пыухыкIахэр ягъэзэкIуэжьну.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и мурадщ электрокъарукIэ республикэр кьыззэыгъэпэщ IэнатIэмрэ а энергиер къэзыгъэсэбэпхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэр зэхуэгъэхъуным зэпымыууэ телъжьэну. Вице-спикер Бозий Натбий зэIущIэм хэтахэм ягу кьигъэкIыжащ электрокъарумкIэ опт рынокыр 2010 гъэм хабзэ хэхахэм тету щылажьэну щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыкъэтыр. Абы илкъ иткIэ, «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м электрокъарур республикэр зыхуейм тещIыхьауэ опт рынокым нэхъ пуду кьыщIищIэхуфынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэм

Адэжь Хэкум щызэхуосыж

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэшхуэ дыгъуасэ Налшык къыщызэIуахащ.

АДЫГЭХЭР зэрIуу щыпсэу къэралхэм кьикIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Унэм, Iэ щытрадзащ къьэрым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэхэр кьэгъэсэбэпыным и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм, КъБР-м Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым, Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм, Щэхуакlуэхэм я хуитыныгъэхэм кьыщыкъыжьныныр цIыхуэм зэIузэпэщ псэукIэ кьыззэрыхуэзэрагъэпэщыныр я кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ящIыгъуу. Комитетым кьыIэрыхьа тхыгъэ псори зэхилъхьажащ. Абыхэм ящхь иткIэ, «Налшыкэнергосбыт» ООО-мрэ Налшык къалэ округым и администрацIэмрэ чэнджэщ иратащ ныкIуасанигъэ пыухыкIахэр ягъэзэкIуэжьну.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и мурадщ электрокъарукIэ республикэр кьыззэрыгъэпэщ IэнатIэмрэ а энергиер къэзыгъэсэбэпхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэр зэхуэгъэхъуным зэпымыууэ телъжьэну. Вице-спикер Бозий Натбий зэIущIэм хэтахэм ягу кьигъэкIыжащ электрокъарумкIэ опт рынокыр 2010 гъэм хабзэ хэхахэм тету щылажьэну щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыкъэтыр. Абы илкъ иткIэ, «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м электрокъарур республикэр зыхуейм тещIыхьауэ опт рынокым нэхъ пуду кьыщIищIэхуфынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.



●Лэскэн куей

Сэлэт хахуэхэр ягъэлъапIэ

Лэскэн районым Хэкум и хъумакIуэм я махуэр щагъэлъапIэнущ Анзорей дт Щэнхабзэмкlэ Iуэхум. Куей администрацIэм щихабзэмкIэ и кьудамэм хьыбар кьыззрыдигъэщIамкIэ, зэIущIэм хэтынущ сэлэт нэсым и щапхьэ Хэку, Афганистан зауэщхуэхэм хэтауэ районым нэ ветеранхэр, куейм и унафэщIхэр, щыхубэ зэгухьанныгъэхэм я лIыкIуэхэр, гъатхэм зи армэ дэкIыгъуэ щIалэхэр, школакIуэхэр.

АХЭР яп щIыкIэ зауэ лъэхьэнэ лъандэрэ яхьуэ хьэпшыпхэр, Iэщ1эхэр, суротхэр, сэлэт письмохэр щызэхуахьэса музейм кьыщрашэкIынущ, дотхэмэ зы щIалэрэ сэлэт кьалэным хуэпжьын зэрыхуейм нэхьыжьхэм ныбжьыщIэхэр хуауащнущ. ЗэIущIэм кьрихьэлIаxэр иужькIэ ирагъэпIэныщ еджакIуэхэм ягъуэва спектаклхэм, усэхэм кьеджэнущ, музыкальнэ тепIъэгъуэхэр ягъэлъапIэгъэнущ. ЗэIущIэм кьрагъэблагъэхэм удз гъэгъаxэмрэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

Хэку зауэщхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Анзорей дэтым удз гъэгъаxэр трапIъэхьнущ, ди мамыр псэукIэм зи гъащIэр щIэныгъаxэр ягу кьагъэкIжьынущ. ЗэIущIэм кьихьэ кьуэдзхэмэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр щекIуэкIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



● Тэрч куей

Дерс щхьэпэ

Кьыдэкlуэтей щIэблэм яхуэгъэзэ дерс щхьэпэу щытынущ Хэкум и хъумакIуэхэм я махуэм щагъэлъапIэу Джыпахьстэнейм кьызыщIэрагъэпэща зэIущIэхэр.

ТЭРЧ кьалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм мазаем и 23-м кьыщызэIуахынущ Хэкум и хъумакIуэхэм ятеуэха тхыпIь купщафIэкIэм, iлэщIыгъуэ блэкIам и тхыдэм зи цIэр кьыхэна сэлэт нэсхэм я кьалэмыпIэ кьыщIэкIа хьыбархэр щызэхуэхьэса журналхэм, газетхэм я гъэпIэгъэныгъэ. Бытставкэм апхуэдэу щагъэлъагъэнущ Тэрч куейм щыщ щIалэхэу дзэ кьулыкъур щытхъу пIыту кьезыхьэлIэхэм я сурэтхэмрэ абыхэм я командирхэм адэ-мамэ кьыхуагъэхьа фIыщIэ письмохэмрэ. Гупытэнэшэу кьагъэнакъым Афганистаным кьулыкъу щызыщIаxэри. Тэрч районым и кьуажэ еджапIэхэм щекIуэкIынущ «Хахуэр щэн щыщыIэрэкъым» фIэщыгъэм щIэт зэхъэзэхуэхэр. Зэпеуэм щытекIуэхэм щытхъу тхыпIхэр ратынущ.

Щэнхабзэмкlэ унэхэм ирагъэблагъэнущ щаэм хэта ветеранхэри ныбжьыщIэхэри. Абыхэм папщIэ ятынущ «Урысейм и сэлэтыр IлыпIэкIэ кьаxоц» зыфIаIэ щта концертышхуэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ПщIэшхуэ зыхуэтщIхэ!

Хэкум и хъумакIуэ лъапIэхэм дыныбохъуэхъу Совет Армэмрэ Дзэ-Тенджыз флотымрэ я махуэмкIэ. Гъащ1э кIыхь, узынщагъэ быдэ, ефIэкIуэнытыгъэ фиIэну, къэкIуэнум фIыкIэ фыхуэпIалъэу фыпсэуну ди гуапэщ.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.

ПщIэшхуэ зыхуэтщIхэ!

Хэкум и хъумакIуэ лъапIэхэм дыныбохъуэхъу Совет Армэмрэ Дзэ-Тенджыз флотымрэ я махуэмкIэ. Гъащ1э кIыхь, узынщагъэ быдэ, ефIэкIуэнытыгъэ фиIэну, къэкIуэнум фIыкIэ фыхуэпIалъэу фыпсэуну ди гуапэщ.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.



Полковникым и унафэр

Нигер Республикэм властым щызыIыбыда зауэлI гупым къэралым и гъунапкъэ псори зэхуащIащ, щIыналъэм коменданту сыхьэт щащIэуващ.

Властыр зыубыдахэм я лIыкIуэу утыку кьыщIысащ полковник Абу Карим лъэпкъ телевиденэм зэрыщыжиIамкIэ, демократием и хабзэхэр зэфIэгъуэвжьныныкIэ къэралым и Совет Нэхъыщхьэ кьызэрагъэпэщащ. Абы Нигерием и Конституцэм и лэжьыгъэр зэтригъэувыIэри, властым и лэжьакIуэ, Iуэхущ1апIэ псори зэбгриутIыпщыкIыжащ. Полковникым дунейм псор кьыхуриджащ тхьэмыщкIагъэм, гъэщIагъэм, коррупцIм Нигерием и щIыхуэр щыхъумэныкIэ властыщIэм кьыдэIэпыкъуну.

Фигу кьэдгъэкIыжьнщи, махуэкум Нигерием и президентымрэ я пащ1ы нобэ-щIэдей ар кьызэIуахьжьну жаIэри, Гаити дэIэпыкъуну хуейхэм гъуэгу зэгъуэтыну кьыщIэкIынщ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 20, щэбэт

◆ **Социальнэ захуагъэм и дунейпсо махуэщ**

◆ 1936 гъэм усакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ дунейм ехыжащ.

◆ 1940 гъэм Налшык IэфIыкIэ фабрикэ кьыщызэIуахащ.

◆ 1942 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм гъуэзджжкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор **ХьэIупэ Джабрэ**Iил.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэт 7-рэ дакьикъ 44-м, кьуэкъжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 44-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 10.**

Мазаем и 21, тхьэмахуэ

◆ Сидней (Австралие) фильм кIэщIэм я дунейпсо фестиваль щекIуэкIынущ.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэт 7-рэ дакьикъэ 42-м, кьуэкъжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 46-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 10-рэ дакьикъи 4-рэ.**

Мазаем и 22, блыщIэ

◆ **ЩIэпхъаджагъэм и лей зытехьахэм кьащхьэщыжьнымрэ и дунейпсо махуэщ**

◆ Мазаем и 22 - 26-хэм Женевэ (Швейцарие) ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэр зэхуэмыдэкIэ ООН-м и Комитетым и зэIущIэ щекIуэкIынущ.

◆ Мазаем и 22-25-хэм Абудж (Нигериемрэ) щызэхэтынущ щыдагъэмрэ газымкIэ Дунейпсо конференц.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэт 7-рэ дакьикъ 39-м, кьуэкъжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 48-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 10-рэ дакьикъи 9-рэ.**

Мазаем и 23, гъубж

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэт 7-рэ дакьикъ 37-м, кьуэкъжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 50-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 10-рэ дакьикъ 13-рэ.**

Иджыпсыгъуэм ирагъэжьаурэ ГъУЩIО Зарифи.

Лъэпкь Iуущыгъэ:

Зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыжьым пщIэ нIэкъым.



● XXI Олимп Джэгуэхэм

Плющенкэ нэхъыбэжкIэ дыщыгуГат

Канадэм и Ванкувер къалэм щекIуэкI XXI щыIамкуэ Олимп Джэгуэхэм и къэралым щыпсэуэхэм гукъыдэжьхуэу кьаритырыкым. Мис ащрагъуэри щыIэ зэIрыльхъэу къэтIыута Плющенкэ Евгений къыхуэгъэфэщар дыжьынырыр.

ИльэсиплI и пэкIэ Турин щIэ Олимпиадэм фигурнэу лъэрыжжкIэ ныжьжьаныжьмкIэ щыхуэхуэхэм я деж чемпионыжьхуэуа Плющенкэ иджы апэ я кьишыфащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ **Лайсачек Эван.**

Цыхубэхэр биатлонымкIэ километр 15 зи кьыхьагъ гъуэгуанэм щызэпеуэм пашэныгъэ нубыдащ **Бергер Турэ** (Норвегие). Дыдейхэм ящыщу нэхъыфIдыдэ Медведцевэ Олег кьыззэрысар 21-ныеущ.

Зэхьэзэхуэм и еханэ махуэм иджырэ зы щыщ медаль Норвегием ирагъэм кьахуихьащ. Цыхухъуэхэм лыжкIэкIэ километр 20 кьышщыкIэ **Свендсен Эмиль Хеглеж**ыгъэкIэ Iуэрыгъэм и спортсменэр.

Лъэрыжьэм тету цIыхубзхэр зы километркIэ кьышыззэдэжьэм, хэгъэрейхэм бжьыпэр яубыдащ. Канадэм щыщ **Несбитт Кристин** и гъащIэм кьриубыдэу яIэу Олимп чемпион хьауэ, етIуанэ, ещанэ зэвыпIэхэр кьэзыхьа Голландием и спортсменхэм ятеежи.

Бгы лыжзэхэмкIэ цIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм Германием икIа **Риш Мариещ**ыгъэкIуэ. Ди къэралым и лIыкIуэ Простевэ Еленэ финишым нэсыфакьым.

Ди гупылIэхэр куэдкIэ зэпхъа хоккейм дэрэжьэгъуэ кьыдитыр мащIэщ. Яп зэIущIэм Латвием 8:2-уэ текIуа и ужькIэ ди щIалэхэр Словакием и командэ кьыхэкам 1:2-уэ буплиткIэ кьыкихъэщIащ.

XXI щIамахуэ Олимп Джэгуэхэм пашэныгъэр щыIыгъ США-м и спортсменэм. Абыхэм дышъ медалу тху, дьокьыныр апхуэдизу зэхуэ, жэзуу блы зыIэрагъэхьащ. Урысей Федерацэр епшыкIуэанащ, зы дышъ, дьокьынитI, жэз медалхэр иIэу.

ХЬЭГУИслъам.

● Дохъуэхъу

Къанокъуэ Арсен и фIыщIэр зыхэтлъагъуэр

Илъэс етхуанэ хьауэ ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Илъэс 20 хуэдиз и пэкIэ дызыхыхьа уэхэкIэщIэм екIуэ хэзгъа а щыху тельыджэм и хьыбар зэхэтхыр. Иджы лъэпкьыщIэм щIигъуэ къаухэкIаxэр зыщIпсэу ди лъахэ щыкIуэм абы а пIалъэ кIэщIым щызэфIигъэкIам дэри дрищыхьэтщ.

ЗИ ГУГЪУ тшы пIалъэм республикэм игъ уэта зыуужьныгъэр зыхуэдэм псори дыщыгъуаэзщ. Арщхьэкlэ, кьыдгъэззэжми ягъэ кIынкьым, ди къэралым и экономист, хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящщ Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Президент кьулыкъым зэрыпэрыхьэрэ ди гъащIэм кьыщыхуэ зэхъуэжькIныгъэфIэм. Псом япэрауэ, ди экономикэм зиужьу щIидзэжащ, республикэм лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр кьыззэрыщыз эIуахьм и фIыщIэкIэ. Псом нэхъ р нэхъыщхьэрэщи, ди дежи цIыхухэм ахъыз нэхъыбэ кьыщалэжь хьауэ, Алхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ Мэзкуу кьытхуиутIыпщ дотащхэм зэрыхэщIым - абы кьеГъэльагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэр зыхэпсэукIын мыльку нэхъыбэ кьыщалэжь зэрыхьуар.

Ди цIыналъэм хуабжьу зыщагъэжь мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, псэуалъэхэр гъэхьэзырыным. Арщхьэкlэ адрей Iэнатlэхэри ящыгъупщэркъым. Псалъэм и хьэтырIэ, нэгъабэ и закъуэ республикэм Iуэхущ1апIэщхуэу 10 кьыщ1эIуахащ. Абыхэм унэльащIэхэр щащ, фэм щолэжь, абдж хьэпшыпхэр щагъэхьэзыр, джэдкъаз щагъэшхэ, - псори кьыпхуебжэкIынукъым.

Нужьрей ильэсиплым КъБР-м и республикэ бюджетым хэ зэдищым нэскIэ зиIэтащ. Ар нэхъри нэ хьыбэ хъуну дунейпсо кризисыр кьыжьэхуэсащ. Арщхьэкlэ а щытыкIэ гугъуми ди лъахэр хъарзынэу кьикIащ. Хэбгъэзыхьмэ, ди республикэм 2009 гъэм лэжьапIэншэхэр мини 10-м нэскIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2010 гъэм мазаем и 25-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэр кьыщызэIуахынур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Пощтым и Iуэхущ1апIэхэр

Мазаем и 22 - 23-хэм, гъатхэпэм и 7 - 8-хэм

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм - «Урысеим и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и кьу дамэм и Iуэхущ1апIэхэр мазаем и 22 - 23-хэм, гъатхэпэм и 7 - 8-хэм гъэхьэнущ мы кьыкIэпхьыкIуэ графикым тету:

яп классым хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэр мазаем и 22-м сыхьэти 8.00-м щегъэжьауэ 17.00-м нэсыху, гъатхэпэм и 7-м сыхьэти 8.00-м щегъэжьауэ 17.00-м нэсыху, зэи зэпымыгъэуэ:

етIуанэ классым хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэр мазаем и 22-м сыхьэти 9.00-м щыщIэдзауэ 16.00-м нэсыху, гъатхэпэм и 7-м сыхьэти 9.00-м щыщIэдзауэ 13.00-м нэсыху, зэи зэпымыгъэу: уэ;

ещанэ классым хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэр мазаем и 22-м сыхьэти 8.00-м щыщIэдзауэ 16.00-м нэсыху, зэи зэпымыгъэуэ;

еплIанэ классым хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэр етхуанэ классым хиубыдэ Iуэхущ1апIэу пощтыр зэбгрыкIыхьэмрэ мазаем и 22-м зэIуахауэ щытынущ щэбэт мазэм зэрылажьэ щыкIэм хуэдэу, ауэ зэхьэзэгъэ мазэр зы сыкIэхьэкIэ ягъэкIэ-щIынущ.

Етхуанэ классым хиубыдэ Iуэхущ1апIэу пощтыр зэбгрыкIыным пымыщIаxэр а мазэм зэжьынукъым;

республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псори мазаем и 23-мрэ гъатхэпэм и 8-мрэ зэжьынукъым, апхуэдэу гъатхэпэм и 7-р я зыгъэпсэхугъуэ мазэущ еплIанэ, етхуанэ классхэм хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къанокъуэ Арсен и фIыщIэр зыхэтлъагъуэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Шэч зыхэмыIэ а екъулIэныгъэхэркьым дэ нобэ кьэдгъэлъагъуэну дызыхуейр, атIэ Къанокъуэ езым и лъахэм зи гур лъэныкъуэ псомкIи ета, абы х уэлэжьэным, х уэпсэуным сыт щыгъуи хущIэкъу цIыхуэ зэрыщытырщ. А гупсысэм теухуащ 1957 гъэм мазаем и 22-м Шытхьэлэ кьыщалъхуа Къанокъуэ Арсен и гъащIэ psor. КьулеягъкIи кьулейсыгъэ зэрыщытыр, ауэ ежьмэ щIэныгъэм кьыщытэджа щIалэщIэр Мэкъуэ дзт ефжапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэфащ, курыт школыр мыIейуэ кьиуха нужькIэ. Зэреджэм хуэдэури лэжьащ, студент-хуэкIуэ гупхэм як эташ, дзэм кьулыкъу щищIащ. ИужькIэ Мэкъуэ псэупIэ хуэхьащ, абы хьэрычэт лэжьыгъэм зыщрипщытащ. Экономикэ, финанс Iэнатlэм куууэ хэзыщIыкI, жьыкъэрыпIэ, Iуэху зэмылIуужьыгъуэхэр щыуагъэ зыпIэзыпытыфI щIыхуэр 1987 гъэм хьэрычэтыщI лэжьыгъэм щехьалIэу щIидзащ. Ахьшэ мыщыщIэ кьыIэрыхьэ у зэрыщ ежьыгъ, Къанокъуэ Арсен зэуэ псапащIэ Iуэхум хьыкащ. Фы щIэныр абы и адэ-анэм зэрысабийрэ кьыхалъ хьа хьэлъ И хьэрычэт лэжьыгъэр нэхъ дэкIыкуKIэ ар щIыху нэхъыбэм ядэIэпыкъуфырт. Псом хуэмыдэу щытыкIэ гупсым кьиуэтэжащ. ИфакIэсти езым кьыбжьIэфыну кьиуэтэжьыкIым ар щIэзэкьэуэн зыхуэхьуахэм я бжыгъэр зыхуэдизыр. Сигу кьокIыкI: епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъу эм Урысейм и кьалащхьэ Бытырбыкъу псыдзэм Iисраф щищIам щыгъуэ усакIуэзыуэ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» щэрыIуэм кьыщIихэ гонорарыр щхьэ уелийсы хьуахэм ядэIэпыкъуныжмкIэ фондым хилхьаныр зэрыщытар. Ауэ ар хэIущIыбу щыхьуар ильэс зыкъом дэдэ нужькIи. Къанокъуэ Арсен щIыху щхьэхуэхэм зэрадэIэпыкъур игъэвууну хэткъым. АрщхьэкIэ дэ щIыщIэуазэщ абы адыгэхэм, балыкъэрэм, урысхэм, нэгъуэщI лъэпкъкэм як узгъэзауэ илэжь Iуэхуцхуэхэу гу зыIыбымытэнкIэ Iэмал зимыIэхэм. Зи гугъу тщIы цIых ур КъБР-м и Президенту щытакьым Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплыр, Кавказ Ищхьэрэм щынэхь уардэхэм ящIыщ мэждекестыр Налшык щыдгитэщIыхьам. КъБР-м и Iэтащхьэ хьуа иужькIи абы кьиригъэлъэгъуащ лъэпкъэрэ динхэри зэрыIэзэкIыгъадэр. Къанокъуэм мылькушхуэ хилхьаащ члисэ дахэщхуэ ди кьалащхьэм дащIыхьыным. Мы зэманым, дэ дызэрыщыгъуэзэмкIэ, ар щIэтэжьуэн хуохьу журтхэм я синагогэ тхъэпельIупIэ Налшык щыхуэуэным. Мыбдеж щыжьитIэн хуейуэ кьыдолынтэ Щэджэм лъэныкъуэмкIэ Налшык укъыщIидыхьэмкIэ Кьэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгугъэр илъэс 450-р зэ зэририкъуи и щIыхькIэ ешам и ахьшэкIэ щригъащIа фэеплыр кьалэм дахэ дыдэу кьыIэзрадзуэвар.

Ауэ а псорм абы езым и закъуэ кьарукIэ зэфIигъэкIэхэм ящIыщ зы Iыхьэщ. Фигу кьэдгъэкIыжинщ КъБР-м и кьалащхьэ Налшык иужьрей зэманым Урысейм и мызакъуэу, дуней псом хуабжьу цIэрыIуэ зэрыщIыхьуар. Ди деж нэхьапэм зэи ксымыхъуауэ яп дыдэу шахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионат щекIуэкIащ. Абы кьыдэкIуэу цIыхухъухэмкIэ и апхуэдэ чемпионатым хьихь Гран-при зэпеуэри щыIащ. А псорм Къанокъуэ Арсен и мылькуIэ кьыIэзрагъэпэщащ зыхуэхъэщхуэу щытари КъБР-м и щIыхьымрэ пщIэмрэ кьэзгъкIэхэм я нэхъ Iущ дыдэ шахматым ди республикэм зыщIетхъужьыныгъ.

Къанокъуэ Арсен и фIыгъэкIэ ди кьэралым куэдрэ щытепсэлыхь хьуащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щIымахуэмэ, гъэмахуэмэ бгихэм лыжэкIэ кьежэхьыным зыщIыхуагъасэ щIыпIэ хуэн зэрыхуэрм.

Щэнхабзэм я гугъу пщIымэ, абыи куэд щызэфIэгъэжьа хьуащ. Абыхэм ящыщу кьэдгъэзыгъэнщ «Кьафэхэр – Iуащхьэмахуэ и щIыгу м дунейпсо фестивалыр кьэралгъ ту нэгъуэхэми жьыкъэхэми кьиклIахэм яфIэтельыдыжэу ди деж хьэлэмэту зэрыщыгъэкIуэкIар.

Зы тхыгъэ щIыкIукIэ кьыпхуэIуэтэнкуькым ди республикэм зэрызиужьыкIи щыхьэт техьуэ псорм. АрщхьэкIэ спортыр фIыуэ зыльагъуэхэм ди Президентым нэгъуэщIкIи фIыщIэ хуэтщIын хуейуэ кьыдолытэ. Ар «Спартак-Налшыкыр» илъэс зыбжанэ хьуауэ Урысейм и премьер-лигэм зэрыщыдэхугур. Ди льахэ щIыкIм и командэр щIыналъэшхуэ з зыIыгъ Урысейм и командэ 15-м я пноуэ. Апхуэдэ зэфIэкI убгъэдэлъын папщIэ, псоми зэрытщIэщи, мыльку мымащIэ тебгъэкIуэдэн хуейщ. Ари кьызыбгъэдкIыр Къанокъуэ Арсенщ.

Кьыщалъхуа махуэр зыгъэлъапIэ щIыхуэм республикэм и Президенту зэфIигъэкIуэ Iэжьыгъэ и дежкIэ дзэгъэзэжьнщи, абы гульытэщхуэ хуещI Iэнатlэ псори и пэкIэ зыгъэкIуэтэфыну Iэщlагъэкlэр гъэхъэзэрыным. Абы щхьэкIэ щIалэгъуэ алэр щрегъаджэ Урысейм, Европэм и кьэралхэм я ежжапIэ нэхъыщхьэхэм. Къанокъуэ Арсен и Iуэхущафэхэр псом ягъэ зыхуэгъэзар щIыху кьыIэзрагъэкIэм я псоу кIэр егъэфIэкIыжауэ щIалэгъуалэ IуэхуэмкIэ и министерствэм я щIыхь зэрыщIэтыр.

Ди льахэ щIыкIм и кьэралгъэ щIалэ щIыгъуэ зыщIыхьуар. Ар абыхэм я щIыхь зэрыщIэтыр, ди щIалэ щIыгъуэ щIыгъуэ щIыгъу

Адыгэ Республикэм и зауэлI хахуэхэр

Совет Союзым и ЛIыхъужь АНДЫРХЪУЕЙ Хъусен

Илъэс тIощIрэ зым хыхьа къудейт Андырхъуей Хъусен зауэр къыщыхъея махуэм. Дзэм ираджауэ къулыкъу ищIэрт абы, 733-нэ фочауэ полкым и 2-нэ ротэм и политрук Іэнатlэр къыхуагъэфэщауэ. Зыри пэпльатэкъым зауэм, хьэщэхурыпхъуэм зэрихабзэу, фашистхэр, я псальэм епцIыжри, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 22-м дыкъралым кьыгеуащ. Мейкьуапэ пэмыжкьыжь абзэзэхэ кьуажэм, Хьэкурынэжьблэ, кьыщыхуа абзэзэхэ щIалэри пэпльакъым зауэм. Абы и нэгу щIэтыр щIалъхуа кьуажэрт, и Іыхьлыхэрт, зыдеджа и ныбжьэгъухэрт - дзэ кьулыкъур зэфIэкIмэ, яхьыхьжынут абыхэм, и хэкум игъэзэжьнурэ, зыми пимыщI Іэщlагъэм ирилэжьнут: ар усакIуэщ, и усэхэр щIэх-щIэхыурэ традзэ Адыгейм кьыщыдзжI газетхэм...

Хунэсакъым абы: зауэ гущIэгъуншэм и мафIэ лыгъэр кьыщылыдащ кьэрал гъунапкъэм, нэмыщI фашистхэр, хьэщхьэрыIуэ хьэуауэ, хэкум кьиужьгащ.

Андырхъуей Хъусен зыхэт 136-нэ дивизэр 1941 гъэм фокIадэм и 20-м Ростов и Іэшэльашэм Іэпхъуащ. Абы щыгъуэ дгъ губгъуэхэм зауэ гуащIэ щекIуэкIырт, Кавказым кьыхуелIэ бийр кьатеззэрыгуауэ. Дивизэр нэмыщIэхэм япэуващ фокIадэм и 29-м: ахэр зэтригъэзыбыIащ, зэхикъутэри иригъэкIуэтыжащ. А махуэм ди зауэлIхэм кьагъэльэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щытепсэльыхьым, абы и командирым и псальэм кьыхэщащ политрук Андырхъуей Борэжь и кьуэ Хъусен цIэр - бийм удынышхуэ езыдза зауэлI хахуэхэм ящыщт ар.

Ипщэ фронтым и Іуэхур зэпльэгъуэ хьуат: цIыхурэ Іэщэкlэ кьебэкI бийр кьебгъэрыкIуэ эзэпытти, Дзэ Плыжьмрэ кьэкIуэтырт, бийм хэщIыныгъэшхуэ иратурэ. НэмыщIэхэм ящыщ кьаехэр, кьуажэхэр зэтрагъасхьэрт, лажьэ зимыIэ цIыхухэр зэтрауакIэрт.

733-нэ фочауэ полкри кьикIуэтын хуей хьуащ, зэщIэкIуэри, полкым Нагольнэ псым и Іуфэм зыщигъэбыдащ. ЕтIуанэ фочауэ ротэм Дьяковэ кьуажэм и Іэшэльашэм зыщигъэбыдащ, псым тель лъэмыжым пэмыжьжьэу. Андырхъуей Хъусен и ротэм кьалэн кьыщащIащ: бийр псым кьIыззэпрыкIмэ гъэкI. Ар пхуэзфIэкIын щхьэкIэ, зэрыжаIэщи, "щIым зыщIэвэн" хуейт: бжьыхьэ щIыIэри зыхамыщIэжу, ротэм и зауэлIхэм окопэхэмрэ щытIхэмрэ ягъэхьэзыр, топхэр, лагъым зэрадз Іэщэхэр лъэмыж дакъэм щыхасащ.

ЖэщкIи махуэкIи кьаехкIыртэкъым Андырхъуей Хъусен ротэм и зауэлIхэм: ягу фыы яхуищIырт, лIыгъэ яхэлъын зэрыхуейр, я адэ-анэхэр, я щыпхъухэр, я щхьэгъусэхэр я щIыб кьыузрыдэтыр ягу кьигъэкIыжырт. Псоми ягъэщIагъуэрт: "Дагущэ ди политрукыр щIыщэри щыздейр - жэщми махуэми етIысэхыркъым".

Батальоным и комиссарым ириджащ политрукыр.

- Зауэ гуащIэ кьыптоплъэ, - кьыжриIащ абы. - Уи ротэм кьыльыса Іэнатlэр нэхъ щынагъуэ дыдэхэм ящыщщ - бийм кьаруушхуэ кьиунэтIынкIэ хъунущ абыкIэ: лъэмыжым кьимыкIмэ, нэмыщI танкхэм нэгъуэщI кIуэнIэ ягъуэтынукъым, ар зэраубыдынум и ужь итынущи, фатемыпльэкъкI, танкхэр кьаутIыпщмэ, лъэмыжыр кьэвгъауэ, псым ахэр кьыззэрыбгъэкI хъунукъым...

Ар жьIэтхуэфIэщ: зы такIи кьэзэгъывгъэкI хъунукъым... Политрукми ещIэ абы мыхьэнэшхуэ зэрилэр - ротэм кьыльыса Іэнатlэм куэд зэрелытар: нэмыщIэхэр абдеж щызэрагъгъэху, дивизэр зэдикIуэта щIыпIэм иззгъэнущ, зигъэбыдэнурэ бийм кьыпэувынущ...

ПщIыхьэщхьэхуегъэзэкI хьуауэ, пшэр зэкIэщIихури, бжьыхьэ дыгъэм и бзий махэр Дьяковэ кьыдэпсащ. Кьуажэм щхьэщытщ уэнжакъэм кьриху Іугъуэ сырыхур. Хъусен и нэгу кьыщIыхьэжащ езыр кьыщыхьуа жылэр - Хьэкурынэжьблэ. И нэгу кьыщIэуващ кьуажэм кьыдина и анэр, и Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъуэхэр, фIыуэ ильаегъу пщащ дахэр... Сыт я дуней абыхэм иджыпсту, сыт ягъахьэрэ? Дауи, псоми я гур зрэщIэр зауэрщ, аращ я щхьэм илъ зэпытыр. ЯльэIэсынкIэ хъунущ абыхэми зауэ гущIэгъуншэр? Хьэуэ, ар кьэмыхьун щхьэкIэ, Хъусен зэблэн щIэнхьэм, и псэр итын хуей хъуми, кьыззэфIэнэнукъым...

Нэмыцэхэр кьыззэрекъэжьащ топышэр зыкъомрэ кьыстракIута нэужь, мащIэм хуэдэщи, кьыззэрохь, танкхэм зыкъуадэзэрэ. Шэр, лагъымыр кьыстольалъэ Хъусен и ротэм - ротэм и нэхъыбэр укIыгъэ хъуащ, ауэ бийр лъэмыжым кьрагъэкIакъым. Нэмыцэхэм ар щахуэзэфIэкIам ротэм кьыхэнэжа щыIэтэкъым: хэт уIэгъэщ, хэт укIыгъэщ. УIэгъэ хъуащ Хъусени: и блэгъкIэр шэм икьутащ.

Пшапэр зэхэуауэ, нэмыцэхэр псым кьыззэрыкIри, Хъусен кьауаныхьащ. Псоригъэ яхэуэрэ, политрукым япэ кьища фашистхэр зэтриукIащ. Андырхъуейм шэр кьыIэщIэхащ, нэмыцIэхэр етIуанэу кьебгъэрыкIуащ. Зы гранатэ закъуэ кьыхухэнэжати, ар кьищтэри, Хъусен кьыззэфIэуващ.

- Урыс, 'зыкьэт! - зэхихащ абы.

- Урысхэм затырыкьым! - ар жиIэри, гранатэр яжьхэидзащ политрукым кьыгеуплIа фашистхэм.

Апхуэдэу итащ Андырхъуей Хъусен и гъащIэр. Илъэс тIощIрэ зырэт зауэлI хахуэм и ныбжькыр...

Адыгэ щалэм зэрихьа лIыгъэм и хьыбар фронт псом щыIуащ, ар щапхъэ яхуэхьуащ хэкум и хьумакIуэ зауэлI куэдым. Хъусен зыхэта полкым и комиссар Шемяков Борис зауэлIхэм я пащхьэм мыпхуэдэ псальэ щыжиIауэ щытащ: "Ди полкым и Бэракъ плыжьжьым и пщIэр лъагэ зыдэхьуа лIыжьжьхэм дрогушхуэ дэ. Уэрэд хуаусынущ политрук Андырхъуей Хъусен зэрихьа лIыгъэм. Адыгейм лIыгъэ и лIыжьжьар. Гурэ псэкIэ фIыуэ ильагъу Хэкурщ абы и Іыгъэр зыщIитар. Бийм пикIуэтакъым ар, уIэгъэ хьэлъэ хуэарэ пэт, лы ткIуэпс кьыщIэмынэжьхуэ, Іэщэр игъэтIылъакъым. Андырхъуейм и псэр зыщIитэ Хэкум зэи щыгъупщэнкьым лIыжьжьым и цIэр".

Дьяковэ кьуажэм дежи щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Андырхъуей Хъусен Борэжь и кьуэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр лъапIэр кьыфIащащ. Адыгэ щалэрэщ СССР-м и тхакIуэхэм щыщу а цIэ лъапIэр япэ дыдэ зыфIащар.

Дивизэми пщIэщхуэ хуищIащ адыгэ лIыхъужьжьым: абы и цIэкIэ зы снайпер фочэ хахри, фочым мыпхуэдэ тхыгъэ традзащ: "Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусен и цIэкIэ". А фочыр зыхуагъэфэщэнур Андырхъуей Хъусен хуэдэу хахуэу зауэ, лIыгъэ зыгъэльагъуэ зауэлIхэрт.

Сталинград деж зауэ гуащIэ щекIуэкIырт абы щыгъуэ. Индыл Іуфэ щызауэрт Андырхъуей Хъусен зыхэта дивизэри. Абы щыщ фочауэ шэрыуэхэр - снайперхэр зэхуащIащ дивизэм и унафэщIхэм. "Дэ, Сталинград и хъумакIуэхэм, кьэрал псор кьытIкIэпольпль идкьыпсту икIи кьытщогуть, - жиIащ дивизэм и унафэщIхэм. - Бийм зы лъабакъэкIэ дыпикIэт хъунукъым, кьалэр фашистхэм едмыгъэубыдын щхьэкIэ, ди псэ деблэжьынукъым. АбыкIэ щапхъэ зытетх хьун зауэлI хахуэ куэдым я цIэ кьыпIуэфынущ. Псом япэ зи цIэ кьиIуапхъэр политрук Андырхъуей Хъусенщ".

Адыгэ щалэ хахуэм и цIэкIэ хаха снайпер фочыр а махуэм иратащ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым - Ильин Николай Жаков и кьуэм. Андырхъуей Хъусен и цIэр зытраIуа фочыр щратым, абы жиIащ: "Си тхьэпльанэщ Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусен хуэфащэу сыкьыщIэкIынкIэ. Си кьарми си гъащIэми себлэжьынкьым, фашистхэр ди Хэкум игъэкъэбзыкIа хьун папщIэ".

А псальэр ящэжащ фочауэ хахуэм. Андырхъуей Хъусен и фэепль фочыр кьрата нэужь, етIуанэ махуэм Ильин фашистибгъу Іуиплащ, кьыкIэльыкIуэ махуэм - аргуэру фашист пщыкIубл. Сталинград деж щызауэурэ, махуэ пщыкIуэм фашист 95-рэ иуклащ.

Сталинград фронтым цIэрыIуэ щыхьуащ Андырхъуей Хъусен и фэепль фочым иризауэ снайпер щэрыуэ Ильин Николай. 1942 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу абы зэтриукIа фашистхэм я бжьыгъэр 216-м нэсащ, 1943 гъэм и пэщIэдзэм а бжьыгъэр 300-м щIигъуат. Снайпер хахуэм ита псальэр игъэпэжащ: зы махуи игъэхъэулеякъым абы Андырхъуей Хъусен и фэепль фочыр.

Бийр Сталинград деж щызэхакъутэри, Донской фронтым и зауэлIхэр егъэрыкIуащ. Зауэ гуащIэ куэдым лIыгъэ щызэрахьащ Андырхъуей Хъусен зыхэта фочауэ дивизэм. Ар щызэуащ Орел, Белгород кьалэхэм, ахэри, нэгъуэщI кьалэ куэди фашистхэм кьалэщIэзыхьяжа зауэлI хахуэхэм япэ итащ. Абы щыгъуэ Ильин Николай Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр кьыфIащащIэт. Андырхъуей Хъусен и цIэр зыфIаща фочымкIэ фашист 494-рэ иукIауэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Ильин Николай 1943 гъэм и гъэмахуэ мазэм зауэм зэкIуэдащ.

Фашист 494-рэ хэзыгъэщIа фочым тратхащ Ильин Н.Я. и цIэри. Снайпер хахуэр щыщIалъхьа махуэм а Іэщэр Іэщlалъхьащ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым - Гордиенкэ Афанасий. "Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я цIэкIэ" - апхуэдэ тхыгъэ тетт Гордиенкэ Іэщlалъхьа фочым. ЗауэлIхэм я пащхьэ иувэри, абыи псальэ итащ:

- Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ яль сщIэжыну фыкIызогъэгугъэ, ди Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ схуэзфIэкI сщIэнщ, си гъащIэм себлэжьынкьым, фашистхэм сащысхьынкьым.

Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я фэепль фочымкIэ Гордиенкэ Афанасий Ефим и кьуэм фашист 424-рэ хигъэщIащ.

Фашист миным наблагъэ зэтрауакIащ Ильинрэ Гордиенкэрэ Андырхъуей Хъусен и фэепль фочымкIэ. Зауэм и мафIэ лыгъэм кьелащ Іыхьужьхьэм я фоч цIэрыIуэр: нобэ ар щахьумэ Урысей Армэм и Музей Нэхьыщхьэм.

Совет Союзым и ЛIыхъужь АЦУМЫЖЬ Айдэмыр

Ацумыжь Айдэмыр тенджыж Іуфэм Іус Шахэжлей щапсыгъ кьуажэм 1912 гъэм кьыщалъхуащ.

Бийр Кавказ Ищхьэрэм кьэбгъэгъауэ, Псыжь щыпсэухэм шуудзэ корпус кьызэрагъэпэщащэ щытащ. Абы хыхьащ Ацумыжь Айдэмыри.

Щапсыгъ щIалэр зыхэт шуудзэм Кавказым кьиужьгъа бийм хэщIыныгъэщхуэ иратащ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Абы щыгъуэ Айдэмыр кратащ "Хэку зауэ" орденым и япэ нагъыщэр.

Новкус-Артезиан куэажэм деж (Псыжь губгъуэ) зауэ гуащIэ щекIуэкIащ 1942 гъэм. Абдежми лIыгъэшхуэ кьыщигъэльэгъащ адыгэлIым: ар зыхэт батареем нэмыцэ танк, топ куэд икъутащ, фашист куэди зэтриукIащ. А зауэ гуащIэм кьIуэдащ езы Айдэмыри. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр абы 1943 гъэм кьыфIащащ.

ЛIыхъужьм и цIэр фIащащ ар кьыщалъхуа щапсыгъ кьуажэм дзт еджапIэм, фэеплъи щыхуагъэуващ ШахэкIей.

Совет Союзым и ЛIыхъужь БЖЬЫХЬЭКЪУЭ Кьымчэрий

Бжьыхьэкъуэ Кьымчэрий Адыгейм щыщ Льостэнхьэблэ 1919 гъэм кьыщалъхуащ, абы щыIэхэт колхозым щылэжьащ.

1940 гъэм дзэм ираджащ, Хэку зауэщхуэм и япэ махуэм щыщIэдзауэ фронтым Іуташ. Лагъымыдз батареем хэту лейтенант нэхъыжь Бжьыхьэкъуэм зауэ гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ. 1941 гъэм Москва бийм щызыхьума зауэлI хахуэхэм яхэтащ Бжьыхьэкъуэр. Ар Харьков, Полтавэ, Смоленск кьалэхэм деж щызэхуащ, Одер псэмкIэ зэпрыкIа-хэм ящыщщ, Эльбэ псым дежи лIыгъэшхуэ я щыщигъэльэгъуащ. Зауэм щыIэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Бжьыхьэкъуэ Кьымчэрий "Бэракъ Плыжь", "Хэку зауэ", "Вагъуэ Плыжь" орденхэр, медаль зыбжанэ кьратащ.

Одеррэ Эльбэрэ деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Бжьыхьэкъуэ Кьымчэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр кьыфIащащ.

1968 гъэ пщIондэ зэм кьулыкъу щищIащ абы, полковник цIэр зэрихьэу. 1991 гъэм Бжьыхьэкъуэ Кьымчэрий дунейм ехьжащ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь КЪУЭЩ Алий

Кьуэщ Алий 1922 гъэм Блашэпсынэ кьэбэрдей кьуажэм кьыщалъхуащ. 1941 гъэм и бжьыхьэм фронтым Іухьащ, япэ, етIуанэ Украин фронтхэм, япэ Белорус фронтым хэту бийм еэзэщ.

Алий зыхэт сапер батальоным фашистхэм я танк куэд щакъутащ Миус псым и Іуфэм, лIыгъэшхуэ кьиІуэльэгъуащ ди дзэр Днестр щызэпрыкIым щыгъуэ. 1944 гъэм Кьуэщ Алий кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр.

Зауэ нэужьым Кьуэщыдыдэр Мейкьуапэ щыпсэуащ, ІэнатIэ зыбжанэм пэрытащ. 1971 гъэм дунейм ехьжащ. Блашэпсынэ щагъэуващ кьэбэрдей адыгэ лIыхъужьым и фэепль сыныр, а кьуажэм дзт курыт еджапIэм абы и цIэр зэрехьэ. Блашэпсынэ и уэрамхэм ящыщ зыми фIащащ Кьуэщ Алий и цIэр.

Совет Союзым и ЛIыхъужь НЭХЕЙ Даут

Нэхей Даут Адыгейм щыщ бжьэдыгъу Уэчэпий кьуажэм 1917 гъэм кьыщалъхуащ, педагогикэ еджапIэр кьиухри кьуажэ школым щылэжьащ. 1939 гъэм дзэ кьулыкъум ирадзащ.

Хэку зауэщхуэм и пэ махуэм щыщIэдзауэ бжьэдыгъу щIалэр хэтащ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу. Даут зи пашэ батальоным Вислэ псым япэ зэпрыкIахэм ящыщщ. Генерал-полковник Колпакчи итхауэ щытащ: "Нэхейр зи пашэ батальоным бийр зэхикъутэри, ди дивизэм гъэзэгу кьриташ". Даут и батальоным лIыгъэ щызэрихьащ кьалэ-быдапIэ Познань дежи. Батальоным и командир Нэхей Даут абы щхьэкIэ кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр. АдыгэлI хахуэм кьратащ Бэракъ Плыжь, Невский Александр, Вагъуэ Плыжь, Хэку зауэ орденхэр.

1946 гъэм дзэм кьыхэкIыжри, Нэхей Даут щалъхуа кьуажэм кьиригъэзэжащ, егъэджакIуэу, курыт школым и унафэщIу лэжьащ. 1955 гъэм дунейм ехьжащ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь ФIыЦIЭ Іэбубэчыр

ФIыцIэ Іэбубэчыр Адыгейм щыщ Банэхэс кьуажэм 1912 гъэм кьыщалъхуащ. Щапсыгъщ. Зауэм кIуа нэужь, Керчь, Таганрог, Мариуполь деж щитIысыкIа десантым хэтащ.

ФIыцIэ Іэбубэчыр Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр кьыщIыфIащар Николаев кьалэр хуит кьыщащIыжьым зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэщ: а кьалэм и кIэхъуэ тедзапIэр ящыщ ящыщ папщIэ, десант ирагъэтIысыкIауэ щытащ, зауэлI 67-рэ хьууэ; абы хэтащ адыгэлI хахуэри. Кхъухь тедзапIэр яубыдри, ди сэлэтхэр бийм пэщIэтащ, ди дзэр яльэIэсыху.

Десантым хэтам щыщу псэууэ кьэнар цIыху пщыкIутщ; ФIыцIэ Іэбубэчыр уIэтэ щыхьауэ адбежьми, ауэ и пщэ кьыдалхьа кьалэныр игъэзэщIэн хуэзфIэкIащ. Кхъухь тедзапIэр зыубдауэ щыта зауэлIхэм псоми кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр. Николаев кьалэм дэжИнгул псым и бжьэпэм нобэ тетщ абыхэм я фэепль.

Адыгэ щIалэр 1944 гъэм зауэм хэкIуэдащ. ФIыцIэ Іэбубэчыр и цIэр фIащащ езым и кьуажэ Банэхэс дэт курыт еджапIэм.

Совет Союзым и ЛIыхъужь ТХЬЭГЪУЩЭ Исмэхьил

Тхьэгъущэ Исмэхьил тенджыз Іуфэм Іус Куэдэщхьапэ щапсыгъ кьуажэм 1921 гъэм кьыщалъхуащ. Кьуажэ щколыр кьиухуа нэужь, колхозым щылэжьащ. 1940 гъэм дзэ кьулыкъум ираджащ.

1942 гъэ щIэндэрэ фронтым Іутащ Тхьэгъущэр, ар и лIыгъэрэ хахуагъэкIэ щIэх дыдэ щIэрыIуэ щыхьуауэ щытащ езыр зыхэт полкми, полкыр зыхьыхьэ дивизэми.

Тхьэгъущэ Исмэхьил лIыгъэ ин щигъэльэгъуар ди дзэр Днепр псым щызэпрыкIым щыгъуэщ. Бийм шэр кьыстрикIутэми, лейтенант Тхьэгъущэм и ротэр Днепр зэприщын хуэзфIэкIащ. Псым и ижьырабгъу нэпкым зыщагъэбыдэри, абыхэм нэмыцIэхэм ебгъэрыкIуэ дзэм гъуэгу ираташ. Шапсыгъ хахуэр 1944 гъэм зауэм хэкIуэдащ.

Тхьэгъущэ Исмэхьил Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр 1943 гъэм кьыфIащащ. Абы и цIэр зэрехьэ кьыщалъхуа кьуажэм дэт еджапIэм, фэеплъи абы щыхуагъэуващ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь ЩХЬЭКIУМЫДЭ Мэсхьуд

Щхьэкlумыдэ Мэсхьуд Банэхэс кьуажэм 1916 гъэм кьыщалъхуащ, кьуажэ еджапIэр кьиуха нэужь, колхозым щылэжьащ. 1941 гъэм и гъэмахуэм фронтым кIуащ, Москва зыхьэ-махэм яхэтащ, Ржев, Ленинград деж щызэуащ. Псков, Новгород, Ригэ кьалэхэр хуит кьэзыщIыжа-хэм ядэзэуащ.

Псков кьыщрагъэутIыпщым щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ щапсыгъ щIалэм кьратащ "ЩIыхь" орденым и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр. А орден лъапIэм и япэ нагъыщэр Щхьэкlумыдэ Мэсхьуд 1945 гъэм кьыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужьым Щхьэкlумыдэр Крым, куейм щыщ Винограднэ жьылэм дэсащ, жьэумгъэжI бригадэм и унафэщIу щытащ, абы щыгъуэ кратащ Октябрь революцэм и орденри.

Щхьэкlумыдэ Мэсхьуд 1971 гъэм дунейм ехьжащ.

ЛIыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэдщ.

●ГъащIэ

Дахэу псэуа

АБЫТIЭ Хьэжмурат 1940 гъэм мазаем и 22-м Бахъсэн куейм щыщ Зекиъуэ къуажэм кьыщалъхуащ. Зэрыбынипщым и нэхъыжьти, гурыIуэгъуэщ мащIэу кьэжэпхъа нэужь абы и гъащIэр тыншу кьызэремыкIуэкIар.

Адыгэ нэмыс, хабзэ, гъэсэныгъэ зэрылъ мусылъмэн унагъуэм щапIа щIалэр гугъуехь куэдым пэлъэщащ икIи Іуэхущафэ дахэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ згъуэуащ. Кьуажэ щколыр хъарзынэу кьиухри, абы и щIэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыхигъэхъуащ, адыгэбзэмрэ урысбзэмкIэ егъэджакIуэ Іэщlагъэр иІэу 1963 гъэм я жылэм игъэзэжащ.

И Іэнатlэм щиІэ екъулIэныгъэфIэхэр кьаныгъри, лэжьэн щыщIидза щколым и унафэщIу ягъэуващ икIи илъэс тIощIым щIигъкIэ щыгъэу пылъу а кьалэныр иприкьащ. Щыхьу кьыззэрыгуэкIыу, Іэсэу, гъэсакIуэ нэсу зэрыщытым кьыхэкIыу кьуажэдэсхэми адэ-анэхэми я деж абы пщIэшхуэ щиІащ, Іращ ящымыгъуэ щэу Хьэжмурат и цIэр дапщэщи фIыкIэ кьыщIрагъэІуэр, Іэфу ягу кьыщIагъэкIыжыр.

Гъащ1ым и лъэныкъуэ куэдым фIыуэ щыгъуаззми, и щIэныгъэм, и зэхэщыкIым зэрыхигъэхъуэным зэпымыууэ хущIэкъурт. Ар тхакIуэт, журналист Іэзэт. АбытIэм и кьалэмыпIэм кьыщIэкIащ художественнэ, документальнэ тхыгъэ зыбжанэ. Республикэм кьыщыдэкI газетхэм, журналхэм я редакцIэхэм, радиом, телевиденэм, тхыльтедзапIэм я ныбжьэгъуфIт. Абы кьаору куэд иритащ я кьуажэм и тхьидэм теухуа хьыбархэр, сурэтхэр, цIыхухэм кьаІуэтэжхэр зэхуэхьэсыкIым. Хьэжмурат и мурадхэр кьыдиІыгът, и Іуэхущафэ кьыдигъэзыжащ. ЩIэрт пщIэшхуэ зиІэ, нэмысышхуэ зыхэтэ и лэжьэгъу, егъэджакIуэ щIэрыIуэ, тхьидэхуэтэ Жылау Нурбий. А тIум зэдатхащ я кьуажэм и тхьидэм теухуа «Зенкъуэ» тхыльыкIуплIафIэр. Апхуэдэу 1967 гъэм кьыдэкIащ Хьэжмурат и рассказхэр, «Насыпныфэ», "Бжьыхьэ", «Бгырыс щыхьэм и насып», «Япэ лIыжьжь», «Къуажэ егъэджакIуэ» очеркхэр, нэгъуэщI куэди зэрыхуа тхыгъэхэр.

Къуажэ еджапIэм щыщIэса зэман дыдэрэ АбытIэр тхэным дихьэхьыр, и рассказхэр, очеркхэр, фельетон нэщIхэр газетхэм, журналхэм кьытридзэрт, радиокIэ, телевиденэкIэ кьригъэтырт. Псори зэхэту и Іэдакъэм кьыщIакIащ зеикьуэдзэс-хэм я Іуэхущафэм, я псэукIэм, хэкур хьумэжьным хуащIа тыгъэм теухуа очерк, зарисовкэ зэмылIужьныгъуэхэу 100-м щIигъу, нэгъуэщI тхыгъэ купщIафIэ зыбжанэ. Псом хуэмыдэу гулыIэ тэ хуищIыр и кьуажэгъуэхэу Хэку зауэщхуэм жьдджэрэ хэтхэм зэрахьэ лIыгъэр, кьакIуа гъуэгу мытыншыр кьэгъэльэгъуэжьным.

АбытIэм и лэжьыгъэ-хьэщIэ щыщ хэтыгъэ, «Сабий Евровидение», «Славян Бэзэр» зэпеуэхэм хэтыну. 2009 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм Железноводскэ щекIуэкIа «Сэ гъусэу уэрэджьIэ» урысей-псо зэпеуэми ахэр лауреат щыхьуащ. Дианэ щытекIуащ мы мазэм Сочэ щекIуэкIа «Музыкальнэ фрегат» зэхьэзэхуэнущ.

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид,
УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Наркотикхэм я пIэкIэ - бгы лъэрыжьэхэр

Апхуэдэ фIыщыгъэпIэ иІэу Іуащхьэмахуэ лъапIэ щекIуэкIащ бгы-лыжь спортымкIэ республикэм и зэхьэзэхуэ зэІуха. Ар кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ бгы лъэрыжьэхэмкIэ СДЮШОР-мрэ.

Зэпеуэхэм ирихьэлIащ 1994 - 1998 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэр, я ныбжь елытагъэ гупищу гуэщауэ, псори зэгъусэу 120-рэ. Зыхэта гупхэм зэхьэзэхуэ гъуэгуанэр япэ кьыщIэпачащ Абей Алинэ, Байдаевэ Арюбэ, Курдановэ Мадинэ, Курданов Юсуп, Циндеиани Георгий, Деваев Азрэт сымэ.

ТекIуэхэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

КЪЭХЪУН Бгъ.

●Зэпеуэхэр

Макъ жьгъырухэр

ИрихьэлIащ Есэнтыгу щекIуэкIащ уэрэджьIэ-лыжьыщIэхэм я IV Урысей Ипщэ фестивалыр. Эстрадэ уэрэдхэр жьыIэнымкIэ «Урысей Ипщэм и макъ» Іыхьэм щытекIуащ Проходнэ кьэдэм щыщ уэрэджьIакIуэ Шихмагомедовэ Камилдэ.

ФЕСТИВАЛЫМ кьэпщIакIуэ ятеухуауэ щыщу хэтащ Дон Іус Ростов, Кисловодск, Москва кьикIэ уэрэджьIакIуэ-егъэджакIуэ ЦIэрыIуэхэр.

Кривенкэ Еленэ зи унафэщI «Вагъуэбэ» уэрэджьIакIуэ гупым хэт Шихмагомедовэ Камилдэр Оболашвили Дианэрэ ирилъхьэжьыр ятеухуа тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэдщ.

●Гу зытъытапхъэ

КъБР-м и РОСТО-м (ДОСААФ-м) и республикэ совет тыМ Хэкум и хьумакIуэм и махуэмрэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэщхуэм кьыщытхъа ТекIуэныгъэр илъэс 65-рэ зэрырикъумрэ я щIыхькIэ 2010 гъэм мазаем и 22-м сыхьэтыр 12-м КъБР-м и кьалащхьэм, Абхазым и щIэжI щыIэ упчIэ, еджакIуэхэм я щIымахуэ спартакиадэ щрехьэкIуэкI. Абы хиубыдэу щIалэхэр къарукIэ, бэшучагъкIэ, Іэщэм зэрыхуэІэкIуэлъакIуэмкIэ, нэщанэ еуэнкIэ зэхьэзэхуэнущ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Щхьэхынэ и щIыIунэ зэронэ

♦ НэхъыфIыр нэхъыбэкIэ яхъуэжьркъым.
♦ Фащэм егъэдахэри, акъылым егъэбжьыфIэ.
♦ Цыхур хэзыгъащIэр гуауэрщ.
♦ Фыгъуэм и гъащIэр мыгъуагъэм хуокIуэж.
♦ Щхьэхынэ и щIыIунэ зэронэ.
♦ Гумызагъэ и гуэн гъэр щыуэгъуми нэщIкъым.
♦ Дыгъуэм хьумакIуэр екъуэмэ.
♦ Іуэхур щэхуу зэрахьэмэ, кIэлъыплъыр нэхъыбэ мэхъу.

Зэхуэзыхьэсыжар **АФЭЩIАГЪУЭ Анасщ.**

● ЖыIэгъуэхэр

Уасэ зиIэ псори хьэпшыпщ

● Лъэпкъым и бын пажэм езым и гуращэ нэхъыфIхэр дельагъуж.
● НакIэ-налъэ къыщIыпхуеуэр ямыгъэпщкIуу, къуэIуэтылIэрэ зыхэпщIэмэ, ари лейкъым.
● Напэр зэ ящэху, итIанэ иросондэджэр.
● Нэмысым здыщигъэтым, жэуапым кьыщIедзэ.
● Сигу нэмысым сызэрепльэ нэмкIэ зигу сынэмысыр кьызоплъ (Захуагъэм и хабзэр гъащIэм гува-щIэхами щоэзэкIуэж).
● Уасэ зиIэ псори хьэпшыпщ.
● АкъылыфIэм хабзэ хьунум пасэу гу льетэ.
● Балигъыр тхылъ пэльытэщ: Іеи, фIыи, тIум щымыщи яхэтщ.
● Губзыгъагъэ хужьмыIэр фIэззранкъым, делагъэ Іупщу кьыжьэдэмыпэтмэ.
● Делагъэм уесэжмэ, губзыгъагъэу зыкъыпщигъэхъ ужьнкIэ тIэу епльынукъым.
● КьыбгурымыIуэрэ екIуэкIыр зэ кьыбгуроIуэж - уи акъыл техуащ.
● КьыттекIуэм делэ фIыдощри, дыфIэжIа хуэдэу догъэIуж.
● ЦIыху хуэдэ цIыхум гу лыытэгъуейщ, акъыл хуейщи, бзаджэри къэщIэгъуафIэкъым - фззэхъуэкIщи.
● Узыхуэй псор умыгъу этми, укъол, бгъуэт псор зупэсмэ, уокIуэд.
● Узыхуэныкъ уэм и зы сэбэн къокI: уигъэжакъуэркъым.
● Зэман къэкIуэнри мыкIуэмытэмкIэ блэкIа пэльытэщ.
● Зэманыр макIуэ-малъэ, гъащIэм екIуэжь щIигъэкъэбзакIыхуэр: аращ ар кIуэ пэтми нэхъ къыщIыттехьэлъэр.
● ФIыуэ, пцIыху уи гугъэр нэгъуэщI зыгуэр хъуауэ больагъу: е укъыкIэрыхуащ, е кьызэбнэкIащ.
● Гуащэ жьеIм нысэ кIымышакIэм хуэпсальэу кьыщIедзэ,
● Уи нысэ жеIпэу уипхъу пхуэзкечъэщIыкIмэ, гуфIэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэд лэпс

Мыбы щхьэкIэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ, абы и лым нэхъ лэпсыфI къыщIовыкIри. Джэд гъэкъэбзар зэпкърах, ятхьэщIри шыуаным иралъхьэ. Абы и тхьэмщIагъэри нэгэгъури зыхуей хуагъазэри ари халъхьэ. Лыр щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ.

МафIэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепIауэ, тхъурымбэри къытрахыурэ ягъавэ ныкъуэвэфI хъуху. Абы халъхьэ бжьынныщхьэ, тыкъырыщхуэурэ упщIэта пхъы укъэбза, шыгъу. МафIэр цIыкIу ящIри, тхъурымбэр къытрахыурэ хьэзыр хъуху ягъавэ.

Джэдыа вар пэшхьэкум къытрахри и щхьэр тепIауэ щагъэт дакъикъипщIпщыкIутхукIэ. Джэдыа вар къыхахри хьэкъущыкIъм иралъхьэ, шыбжий зыхэлъ бжьыныху-шыгъу халъхьэ, зэIащIэжри и щхьэр тепIауэ тIэкIу щагъэт, нэхъ мэ гуакIуэ кьищтэн щхьэкIэ.

Лэпсыр бинт тIууащIэ-щащIэкIэ языж. Джэдыа вар къыхахри хьэкъущыкIъм иралъхьэ, шыбжий зыхэлъ бжьныху-шыгъу халъхьэ, зэIащIэжри и щхьэр тепIауэ тIэкIу щагъэт, нэхъ мэ гуакIуэ кьищтэн щхьэкIэ.

Лэпсыр бинт тIууащIэ-щащIэкIэ языж. Джэдыа шыуар тепщэн иралъхьэри Іэнэм трагъэувэ пщтыру. Дашх пIастэ. Лэпс пщтырыр трафыхьыж. Джэд лэпсым шыпс, хьэнтхъупс ирипщI мэхъу.

Халъхьэхэр: зы джэд, кг 2 хъууэ, псыуэ - г 4000, пхъы укъэбзауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ, бжьныхуу - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху гъуэжь пIастэ

Пластапхъэ зэтеудар псы хуабжькIэ щэ-пIэ яIэсэ. ИтIанэ бэлагъкIэ зэIащIэурэ псы къэкъуалъэм хакIутэ. Зэ къытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр чымчыркIэ къытрахыурэ мафIэ щабэм тету сыхьхэтитI нэблагъэкIэ ягъавэ, щIэкъащIэхыурэ бзаджэкIэ зэIащIэурэ. ИтIанэ нартыху хьэжьжьтэ уэунэщIар ираудурэ бэлагъкIэ ящ, пIастэр хьэзыр хъухури ягъажьэ. ПIастэ жьар псы зыщIыхуа Іэнэм тралъхьэри, нартыху хужь пIастэм ещхьу яубэ. Дашх лы гъэва, лы гъэжьа, джэдыкIэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр.

Халъхьэхэр: псыуэ - г 1700-рэ, нартыху зэтеудауэ - г 250-рэ, нартыху хьэжьгъэу - г 50, пIастэ хьэзыру г 1200-рэ къыхокI.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхьжащ.

● Псалъэжьхэр

Щхьэхынэ и щIыIунэ зэронэ

♦ НэхъыфIыр нэхъыбэкIэ яхъуэжьркъым.
♦ Фащэм егъэдахэри, акъылым егъэбжьыфIэ.
♦ Цыхур хэзыгъащIэр гуауэрщ.
♦ Фыгъуэм и гъащIэр мыгъуагъэм хуокIуэж.
♦ Щхьэхынэ и щIыIунэ зэронэ.
♦ Гумызагъэ и гуэн гъэр щыуэгъуми нэщIкъым.
♦ Дыгъуэм хьумакIуэр екъуэмэ.
♦ Іуэхур щэхуу зэрахьэмэ, кIэлъыплъыр нэхъыбэ мэхъу.

Зэхуэзыхьэсыжар **АФЭЩIАГЪУЭ Анасщ.**

ПАСЭРЕЙ адыгэхэм мы хабзэр ткIийуэ яхэлъащ. НысащIэ кьашар зэи щIалэм и адэ-анэм я унэм ирашалIэр-тэкъым, атIэ зыщIыпIэ ирахьэлIэрт.

Къэбэрдейхэр кьапщтэмэ, тешэ, екъэлIэ щащIу щытар хьыджэбзыр и лъэпкъым ямыщIэу кьахьатэмэт е бзылъхугъэр мыадыгэу нэгъуэщI гъунэгъу лъэпкъ гуэрым кьыщыхашым и дежт. НэгъэщIу жьыпIэмэ, япэм щыгъуэ хьыджэбзыр зейм флагъэщкIуурэ лъэпкъитIыр зэгурыIуэжьхукIэ абы щаIыгъуу арат, етIуанэм дежIуэхур кьыззрекIуэкIыр нэгъуэщIут. Хамэ лъэпкъ кьыхаша бзылъхугъэ щIыкIум ди хабзэ, ди бзэ имыщIэнкIэ хьурт. Ар псори а нысащIэ щIыкIур тешэу зрахьэлIам ирагъащIэн хуейт, нужькIэ емыкIу кьыхэмыкIын щхьэкIэ.

НысащIэр, зэрыхабзэти, зрахьэлIэрщIалэм и анэдэлъу е и адэм и ныбжьэгъу и дежт. Кьэхъурт апхуэдэ унагъэр хамэ кьуажэ щыщуи, ауэ нысащIэр трахьжьныкIэ пшынагъэ щымыIэмэ, тешэу, тешэрыпIу езы щIалэр зыдэс кьуажэм щыщ нэхъыбэм кьохахьрт.

ТешэрыпI унагъуэм я дежнысащIэр щхьэтепхъуэ тельу щыщIэнкIэ, унэм щыщIапэкIэ, фызышэ шухэми, хэгъэрей щIалэгъуалэми уэредадэ махуэр кьрашырт, пшынэ еуэхэрт, фоч драгъэйрт. Джылахьстэнейхэм абы щыгъуэфызитIым зи Іэбгъэкъ яIыгъыу яшэ нысащIэм и пащхьэм дежщIалэхэр кьыщифIрагъэкъащIэу ящIэнытэрти, абы щIым зыхрагъаIтIэрт. Абдежым фызхэм нысащIэр кьагъэувыIэрти, кьамэр хэзыIа щIалэм нысащIэри кьамэри кьифIхьу щIидзэрт, здрахьэлIа унагъуэм я гуащэм махъсымэ фальъэ кьыщIихьу а щIалэм кьриткьынкIэ. Кьамэ хэтIэнырти тIэуи-щэи кьытрагъэзэнырмыкIутэкъым. Ауэ абы щIрагъэгъуртэкъым. Иужь ЗэманымтешэтешэрыпI жьыхуаIэхэр адыгэхэм ящыкрыбым, зыханащ, ауэ мы кьамэ хэтIэм хуэдэр унэшэм и дежкIэ щыIэ щIыпхъэ ушрихьэлIэ щыIэщ.

ТешэрыпIым щыIа нысащIэр щIалэм и адэ-анэм я унэм щашэжкIэ, нысащIэм ещхьыркъабзэу гуимэри ягъэшIэращIэрт, шу гъуэсэ-ри хахьрт, ауэ я бжьытэкIэ фызышэ шухэм хуэдиз хьуртэкъым. Апхуэдэуи фызышэ фэнди здахьыртэкъым, ауэ нысащIэм ещхьу ахэр ирагъэбгъагъэри ягъэхьэщIэрт, хьэщIэнышхэри хэту. Дауи, псори зэлъытагъ тешэу кьыхаха унагъэмэ нысэ кьэзышахэмрэ я зэIуэзэщIэрт, ахэр зэрыхуэщIарт. Нысэр кьану хамэ кьуажэ щыIамэ, абы нысашэ дыдэм ещхьу кьуажэ щIалэгъуалэр пежьэрти, шурылъэ джэгухэрт. Ауэ тешэр езы жьлэм щеIуэжIами, нысащIэр кьэзышэжкъм, гъэгур кIыхь ящIын щIхьэкIэ, еншэ. 33 Адрейхэм яхэмыгъэщэн щхьэкIэ джэдкъазым традзэ дамыгъэ. 34 НэгъэщI кьалэ пIалъэкIэ кIуэ цIыхухэр кьыщIыувыIэ хабзэ унэ, нэху кьыщекI. 35 Кьыдейсы. 37. ... кьупщхьэкIэ уеуэми гъыркъым. 38 Адыгэ уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. 43 Аруан куейм щыщ кьуажэ. 46. Уанэ зытрамылъхьа, шы мыгъэса. 47 Адыгэ лъэпкым и зы кьудамэ. 49. ... псалъэ е псалъэ пхъашэ. 51. Пщащэм ... хэлъщ, уеплъмэ, плъыжь мэхъу.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Мазаем и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэпхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Ерчэн. **6.** Лаіэ. **7.** «Аида». **9.** Нал. **11.** ЩакIуэ. **12.** Щухъэ. **15** . Щэрлэк. **17.** Ашкъан. **18** Чъощей. **20.** «ПкIауэ». **22.** ЛIыхъужь. **24** Нащэ. **25.** Шыд. **27.** Мусэ. **28.** Уасэ. **29.** «Хьэтау».

Екъуэу: **1.** КъурIэн. **2.** Къэуал. **4.** ЩIакIуэ. **5.** Адэщ. **8.** Щагъэ. **10.** ЩIхьэщ. **13** Щэбэт. **14.** Къаузд. **16** Джей. **17.** Альп. **19.** Ерыщ. **21.** КIэщт. **23** . Жьауэ. **24.** Нысэ. **25.** Шэфэл. **26** Дудакъ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Іэщхэм я тхьэ. **3.** Джэд ... и пщIыхьэгъуэ. **5.** Нартхэм я хуэ жьлэр Сосрыкъуэ а иныжьым къыфIихьыжащ. **7.** Цы кIэщI щабэ зытет щэкI Іув. **9.** Зи бгъуапIэр щIыкIу, зи щхьэр зэв. **11.** Хьэпэпэ. **12** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **13.** Іэщ. **14** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **15.** ПIалъэ-щIэкIэ зэхэлъхь бззэрыщхуэ. **16.** ЛIы гъум кIэщI. **18** Гъэгуанэ техьэм и хьэщIыщ дэпIу кьыздрехьэкI. **19** ЩIыгъ пхъашIуэ. **21** Хабзэм кьемэзэгъыу зэIапхъэ мыIыку, ахъшэ. **22.** ТхъуцIынэ щIэпхумэ, кьанэ псыр. **23.** Анэр кьызыхэIа лъэпкыр. **25.** МэракIуэ кьызыпыкIэ жыг. **28.** ... хьэпIащIэ. **29.** МусЫымэн дин лъжьакIуэм зэрихьэу щыта щыгъын щIыIутель. **30.** Социалист Лъжьыгъэм и ЛIыхъужьу щIыхуищ кьызыдэхъукIа къуажэ. **31.** ПIыхъу ткIий, гущIэгъэшIуэ. **36** Нартыхур бгъэлъалъэмэ, кьанэр. **37.** Нартыху гъэлыгъуэ хьэжьгъэ. **39** Ди гъунэгъу лъэпкъ. **40** Кьуалбзу унэ. **41** ... пыIэ. **42.** МэракIуэ плъыжь-фIыщIафэ. **44.** Ин, зэрамщIэж. **45** Іумыл. **46.** Псым хэс пэсущхь, лъакъуэ куэд щIэту. **48.** КIыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым хэт къулыкъущIэшхуэ е адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьIакIуэ Іэзэ. **49.** Узым игъэхьщIэм къыжьдэкI макъ. **50.** ІэмыкIуэлъэмыкIуэ. **52.** ЩIыхуб щыгъын. **53** Анэкъыптыу. **54.** Ставрополь щIыналъэм щыщ кьалэ (адыгэбзэкIэ зэреджэр). **55.** Фэм псы дищIэмэ, апхуэдэу мэхъу. **56.** ПщIэшхуэ зиIэ цIыху. **57.** Хьэцэпэцэ пыупщIа, ямыIэжауэ.

Къехуу: **1.** ДелIуделадэ, акъылыщIэ. **2.** Хьэцэпэцэм я щхьэкIэ. **3.** ТепIэнщIэльын. **4.** ПщэдейрейI ... нэхъэр, нобзэрей бзу. **6.** Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман е цIыхухьущ. **8** Тхьэм къыхэщIыкIа шхын, тхьэгъэм ещхьу и кур гъуанэу. **10.** Ди республикэм щыщ кьалэ. **17.** ПIхъм и щхьэгъуэ. **18.** ПхъащIэ Іэмэнсымэ. **19.** Іэщ щIыкIу егъэзыпIэ. **20.** Уи ... къысщыхуэ? **24.** Сазан бзаджэйм адыгэбзэкIэ зэреджэр фщIэрэ? **26** БжьыфIэ, ин. **27.** Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу адыгэ тхакIуэ, усакIуэ. **28.** Вакъэ лъапIэ кIыхь. **32.** Зыри къызыфIэмыIуэху, цIыху къуажэ щIыбыр кIуапIэ ящIу абы джэту, пыIэ еуэ, пыIэзэфIхьэр щыгъэхубгъэ мащIэтэжьым.

НысащIэр тешэм щыIэнкIэ хъунут тхъэмахуитI зэхуакъукIи нэхьыбэкIи. Нэрыбгэ цIыкIур гъунэгъу лъэпкъэм кьыхашамэ, абы адыгэбзэр, хабзэр ирагъащIэн хуей хьумэ, ар тешэм зэрыщIыIэ пIалъэр, дауи, нэхьыбэ хьурт. Тешэм щыIэ нысащIэр ямышъэ щIалэгъуалэм трагъэгъуэжьу, джэгу, кьафэхэр иращIэкIыу. ЩIалэм и лъэныкъуэкIэ кьикIыурэ нысащIэм и дежкIэ лъагъунIъагъу кьакIуэрт абы и шыпхъу, и кьэзи, и ныбжьэгъухэр. Абы дэтхэнэ зыми техьэпщIэ ящIыпIэн хуейт.

Тешэм щыIэ нысащIэм и нэгу зрагъэжьыжьи и мызакъуэу, ар икIи ягъэнэхурт. Псалъэм щхьэкIэ, апхуэдэ нэрыбгэ щыкIу зыщIэсым сабийхэр щIаутIыпщхьэрт, хэт и напэр фIейуэ, хэт и щхьэцыр бэлацэу. НысащIэм абы я напэр хуитхьэщIмэ, я щхьэцым лентI цIыкIухэр хищIэмэ, ар псоми я гуапэхурт. Апхуэдэ гукъэкIэхэр абы зэриIэр нысэр зейм и деж псынщIэу нагъэсырт.

Ягъэунэхуэр тешэм щыIэ нысащIэм и закъуэтэжьым. Ар щIалэм и унэм ирахьэлIауэ хъэгъуэлIыгъуэр кьыдахьну щынэмысами, ягъадэрт, ягъабзэрт, уагъэ, дэнлъэч ирыгъащIэрт. Уеблэмэ гъунэгъу фызхэм бостеянхъэ кьыхуахьурэ бостей ирагъэдырт.

Тешэм щыIэми, щIалэм и унэм занщIэу ирахьэлIами, нысащIэм щIыгъут жэмхэгъаэр. Абы щхьэкIэ ди нэхъыжьхэм зэщIэкыр мащIэ дыдэщ. Зыми убзыхуауэ жьгъфыркъым абы и кьалэну щытар, уеблэмэ языныкъуэхэм ар бзылъхугъэу, адрейхэм цIыхухъуу щытауэ жаIэри яукъуэдий. Кьащтэмэ, нысащIэм и адэ-анэм ар гъусэ кьыхуащIауэ, зыхуей хуищIэу, и уеблэмэ иригъэзу щытагъэнщ. Шэрджэсхэмиджыри жэмхэгъасэр яIэщ. НысащIэр фызышэу кьыщашэкIэ, абы бгъурыбу машинэм исщ. Унэм къэсыжахэу, нысащIэр кьышращыну щыхуежьэм, ар япоув, уасэ япиубыду. ИщIэшхуи щыIэ-Іэу, ар хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIыхукIэ щауэм и унэгъуэм щыIэт, Іуэхур зэфIэкIа и уэжькIэ ягъэфIэжьыртяуэтIыпщыжьырт. Нэхъыапэм щыгъуэжьмхэгъасэр илъэси, нэхъыби щыIэу, уеблэмэ нысащIэр здашам кьыщынэжьпэу щытауэ нэхъыжьхэм жаIэж.

МАФIЭДЗ Сэрбий.
1994 гъэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Нартыху гъуэжь пIастэ

Пластапхъэ зэтеудар псы хуабжькIэ щэ-пIэ яIэсэ. ИтIанэ бэлагъкIэ зэIащIэурэ псы къэкъуалъэм хакIутэ. Зэ къытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр чымчыркIэ къытрахыурэ мафIэ щабэм тету сыхьхэтитI нэблагъэкIэ ягъавэ, щIэкъащIэхыурэ бзаджэкIэ зэIащIэурэ. ИтIанэ нартыху хьэжьжьтэ уэунэщIар ираудурэ бэлагъкIэ ящ, пIастэр хьэзыр хъухури ягъажьэ. ПIастэ жьар псы зыщIыхуа Іэнэм тралъхьэри, нартыху хужь пIастэм ещхьу яубэ. Дашх лы гъэва, лы гъэжьа, джэдыкIэм кьыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр.

Тешэрыпl унагъуэм я деж нысащIэр щхьэтепхъуэ тельу щыщIэнкIэ, унэм щыщIапэкIэ, фызышэ шухэми, хэгъэрей щIалэгъуалэми уэредадэ махуэр кьрашырт, пшынэ еуэхэрт, фоч драгъэйрт. ДжылахьстэнейхэмабыщыгъуэфызитIым зи Іэбгъэкъ яIыгъыу яшэ нысащIэм и пащхьэм дежщIалэхэр кьыщифIрагъэкъащIэу ящIэнытэрти, абы щIым зыхрагъаIтIэрт. Абдежым фызхэм нысащIэр кьагъэувыIэрти, кьамэр хэзыIа щIалэм нысащIэри кьамэри кьифIхьу щIидзэрт, здрахьэлIа унагъуэм я гуащэм махъсымэ фальъэ кьыщIихьу а щIалэм кьриткьынкIэ. Кьамэ хэтIэнырти тIэуи-щэи кьыттрагъэзэнырмыкIутэкъым. Ауэ абы щIрагъэгъуртэкъым. Иужь ЗэманымтешэтешэрыпI жьыхуаIэхэр адыгэхэм ящыкрыбым, зыханащ, ауэ мы кьамэ хэтIэм хуэдэр унэшэм и дежкIэ щыIэ щIыпхъэ ушрихьэлIэ щыIэщ.

ТешэрыпIым щыIа нысащIэр щIалэм и адэ-анэм я унэм щашэжкIэ, нысащIэм ещхьыркъабзэу гуимэри ягъэшIэращIэрт, шу гъуэсэ-ри хахьрт, ауэ я бжьытэкIэ фызышэ шухэм хуэдиз хьуртэкъым. Апхуэдэуи фызышэ фэнди здахьыртэкъым, ауэ нысащIэм ещхьу ахэр ирагъэбгъагъэри ягъэхьэщIэрт, хьэщIэнышхэри хэту. Дауи, псори зэлъытагъ тешэу кьыхаха унагъэмэ нысэ кьэзышахэмрэ я зэIуэзэщIэрт, ахэр зэрыхуэщIарт. Нысэр кьану хамэ кьуажэ щыIамэ, абы нысашэ дыдэм ещхьу кьуажэ щIалэгъуалэр пежьэрти, шурылъэ джэгухэрт. Ауэ тешэр езы жьлэм щеIуэжIами, нысащIэр кьэзышэжкъм, гъэгур кIыхь ящIын щIхьэкIэ, еншэ. 33 Адрейхэм яхэмыгъэщэн щхьэкIэ джэдкъазым традзэ дамыгъэ. 34 НэгъэщI кьалэ пIалъэкIэ кIуэ цIыхухэр кьыщIыувыIэ хабзэ унэ, нэху кьыщекI. 35 Кьыдейсы. 37. ... кьупщхьэкIэ уеуэми гъыркъым. 38 Адыгэ уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. 43 Аруан куейм щыщ кьуажэ. 46. Уанэ зытрамылъхьа, шы мыгъэса. 47 Адыгэ лъэпкым и зы кьудамэ. 49. ... псалъэ е псалъэ пхъашэ. 51. Пщащэм ... хэлъщ, уеплъмэ, плъыжь мэхъу.

● Теплъэгъуэхэр



Сэ къэфэкIэ зызогъащIэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур мазаем 25-рщ.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Аушыджэр къуажэкIэм

Ярэби, Аушыджэр къуажэ фыщыIагъэххи фэ зэгуэр? Дахэщ, псом хуэмыдэу Аушыджэр къуажэкIэр... КъуажэкIэ дыдэр, хэубыдыкIауэ. ИгъащIэм сыщымыIауэ сыкIуати, ауэ сытми дахэт: бгырэ мэзкIэ хъэгъэтIылъыхьарэ и гупэм, кьызыхирэ ирэджьыжь жэщи махуи щеуэкIуриеxыу! Дахагъэми кьыфIэкIи, бгъэщIэгъуэн куэд хэлъщ ихъуреягъкIэ щыплъагъуэ. Бгымрэ псымрэ сыт хуэдизкIэ зым адрейр и плъапIэрэ зэхуэпабгъэми, я зэхуакум дэльщи, кьуажэм зэльигъэIэсырыкъым. А тIур щызэхуэзэм унэсыным километр ныкъуэ хуэдэ иIэжу зы унэ зэгуэт щытщ, кьуажэр абыкIэ ягъэбыдэж нэхьеI. Мис абы и гупэ псыхъуэр... псэм зыщитIыж щIыналъэщ!

Гъатхэт, ихъуреягъкIэ щыплъагъуэм